CIVIC ACTION TEAMS

# Nepal Coronavirus CivActs Campaign

अंक #३६

४।३।२०७७

**Coronavirus CivActs Campaign (CCC)** सँ सरकार, सञ्चार माध्यम, संघसंस्था आ आम नागरिक बिचक सूचनाके दुरी कम कएक देशभैरसं संकलन कएलगेल हल्ला, नागरिकक जिज्ञासा आ प्रश्नसभ संकलन कए तथ्य पत्ता लगाएक आम नागरिकके सूचित करैत अछि । एहिसं आम नागरिकक आवश्यकताके पहिचान करवाक साथे हल्लासभहक कोनो नकारात्मक असर पहुचावस पहिलेहि सान्दर्भिक तथ्य आम नागरिक सभमे प्रवाह कए जोखिम न्युनिकरण करैत अछि ।

## नेपाल सरकारके देशमे फिर्ता आबवला महिला कामदारके विषयमे विशेष व्यवस्था करला आह्वान



- वदेश गेल जनानीसभके लेल वैदेशिक रोजगार बोर्डके दर्ता खुला करल जाय ।
- वैदेशिक रोजगारी सँ फिर्ता आएल जनानी सभ कोरोना भाइरस सम्बन्धी सरकारी कोषके रकम सँ, न्यूनतम मापदण्ड पुरा भेल आवासिय व्यवस्था, मनोसामाजिक परामर्श देनाई, स्वास्थ्य जाँच कराक जरुरतके हिसाब सँ कते समय रहब या पुनर्एकीकरण कार्यक्रममे समावेश करायबके व्यवस्था क सम्मानसँगे रह पाबके व्यवस्था कएल जाय ।
- कुवेत लगाएत आओर मुलुकसभ सँ आरो जनानीसभके ससम्मानपू( र्वक फिर्ता लाबैला योजनाबद्ध व्यवस्था कएल जाय ।
- कतेको जनानीसभ प्रजनन स्वास्थ्यके दृष्टि सँ संवेदनशील अवस्थामे फिर्ता आबिरहल अछि, हुनकासभके प्रजनन अधिकारके रक्षा कएल जाय ।
- फिर्ता आएल जनानीसभके केना, कत पठाएब, प्रदेश आ स्थानीय सरकारके कि दायित्व रहत, आब सकवला जोखिमके मापन करब आ समस्याके समाधान करके तैयारी कलक मात्रे आगामी कार्य निधारण कएल जाय ।

अन्तर पुस्ता महिलावादी समूह, महिला मैत्री विपद व्यवस्थापन समूह तथा महिला मानवीय तथा विपद् जोखिम न्यूनीकरण मञ्च

## नेपाल अपडेट



कपिलबस्तुके यसोधरा गाउँपालिका वार्ड नं. ८ मे रहल क्वारेन्टीनके अवस्था

तस्बिर: भवानी प्रसाद पाण्डे

### परिक्षण

पिसिआर परिक्षण: १,५५,५१८

पोजेटिभ: ७,८४८

उपचाररत: ६,६४०

मृत्यु : २२






Source: https://covid19.mohp.gov.np/#/

accountabilitylab NEPAL

# हल्ला र तथ्य



**संक्रमित आदमीके सम्पर्कमे एलहा आदमीमे संक्रमणके लक्षण नै देखेलै त कि हेतै ? कि हुनकासभके सामान्य रुपमे छोईर देलजेतै ?**

संक्रमित आदमीके सम्पर्कमे आएल आदमीके पहिचान कलक खोजपड्ताल टिमसभ प्रस्तावित ढाँचा अनुसार अन्तरवार्ता लेतै । अन्तरवार्ता ललरहल समयमे ओकरामे लक्षण नै देखैतै तँ, ओकरा खोजपड्ताल टिमके आधिकारिक आदमीके होम आईसोलेशनमे रहके सल्लाह दल SMS या फोन सँ नियमित फलोअप कर परैत छै । यदि फलोअपके २२ अम दिन (संक्रमण प्रसारणके जोखिमके आधारमे १४ दिन ब्अतष्खभ तथा ७ दिन Passive) तक सेहो कोनो लक्षण नै देखेलापर ओहन आदमीके फलोअप समाप्त होईत छै । अई सम्बन्धमे खोजपड्ताल टिम सम्बन्धित आदमीके फलोअप समाप्त भेल विषयमे जानकारी कराब परैत छै ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1nC-h5htp8_TGZydKKpoNSc6WYmZomJ0N/view



**जनानीके लेल क्वारेन्टाईन सुरक्षित नै छै । ओत रहिरहल जनानी बलात्कृत भेल घटनासभ सेहो बाहर आबिरहल अछि । सम्बन्धित निकायके अईमे ध्यान देब नै परतै?**

अई सम्बन्धमे महिला, बालबालिका तथा ज्येष्ठ नागरिक मन्त्रालयद्वारा मिति २०७७ आषाढ १ गते मन्त्री स्तरिय निर्णय कल कार्यान्वयन कर गृह मन्त्रालयके आग्रह कएने अछि । जै अनुसार, जनानी आ पुरुषके लेल अलगे अलगे क्वारेन्टाईनके व्यवस्था होब परत आ जनानी राखलगेल क्वारेन्टाईनमे जनानी स्वयंसेवक तथा जनानी प्रहरीके व्यवस्था मिलाब परत कहने अछि ।

स्रोत: https://mowcsc.gov.np/notice-news/



**स्थानीय स्तरमे उपलब्ध एम्बुलेन्स सँ सेहो कोरोनाके शंका लागल बिमारीके अस्पताल लजायला नै मिलतै ?**

स्थानीय तहमे भेल स्वास्थ्य चौकी, प्राथमिक स्वास्थ्य केन्द्र, आयुर्वेद संस्थासभ आ हेल्थ डेस्कमे संक्रमित स्थानसँ आएल तथा संक्रमणके जोखिम भेलहा आदमी सभके पहिचान कल जिल्ला अस्पतालके फोकल चिकित्सकसंगे समन्वय कल क्वारेन्टाईन या आईसोलेशनमे पठाबला कम्तिमे एकटा एम्बुलेन्स तैयारी अवस्थामे राख परैत छै । एना स्थानीय तहमे अलग्गे एम्बुलेन्स व्यवस्थापन करनाई सम्भव नै भेलामे स्वास्थ्य कार्यालयसंगे समन्वय कल जिलामे भेल निर्धारित कएलगेल एम्बुलेन्स सँ मात्रे पठाब परैत छै । गण्डकी प्रदेशमे मुदा अखन एहन एम्बुलेन्सके विभाजित कलक सञ्चालन कएल जारहल छै ।

स्रोत: https://drive.google.com/file/d/1wmJMl7Zkx0ZhmGS4e4LstpfyllYuYiu3/view
https://drive.google.com/drive/folders/1vUWyBAzbHUq011mrrnfT8zDKIJ-3Zw-H



**भारतसँ स्थलमार्ग होईत नेपाल प्रवेश कर निधारित कएलगेल नाकामे होल्डिङ सेन्टर नै छै, भेलहा सेहो व्यवस्थित नै छै कहि सुनैत छी । कि श्रोतके कमि छै ?**

भारतसँ स्थलमार्ग होईत नेपाल प्रवेश करला २० टा नाका निर्धारण कएल गेल छै । हरेक नाकामे होल्डिङ सेन्टर स्थापना तथा व्यवस्थापन आ मर्मत सुधार लगाएतके काजके लेल सम्बन्धित स्थानीय तहके भारतसँ प्रवेश करवलाके चापके मध्यनजर कल कम्तिमे रु. १ लाख सँ बेसीमे रु. ८१ लाख कल जम्मा रु. २ करोड ७७ लाख २३ हजार निकासा कल चूकल अछि ।

स्रोत: https://mofaga.gov.np/uploads/notices/Notices-20200616173426651.pdf


WhatsApp मार्फत हमरासभके विषयमे नियमित ताजा जानकारी पाब

१. आहाके कन्ट्याक्ट लिस्टमे +2760806146 एड करु
२. उपरका कन्ट्याक्ट नम्बरमे Nepal लिखक म्यासेज पठाउ




COVID-19
को बारेमा बुझ्न नि:शुल्क हटलाईन
viamo द्वारा प्रस्तुत

कोभिड - १९ सम्बन्धि मंगानियेमे जानकारी लेबके लेल आहाके NTC सिमकार्ड सँ
३२१०० मे डायल करु

accountabilitylab NEPAL

# Open Migration

## मुख्य गन्तव्य राष्ट्रमा रहेका नेपाली कामदार

| साउदी अरव | कुवेत | बहराईन | कतार | युएई | ओमान | मलेसिया | दक्षिण कोरिया |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| ३,३४,४५१ नेपाली | ७१,१९३ नेपाली | २६,००० नेपाली | ४,०६,९१७ नेपाली | २,२४,९०५ नेपाली | १७,०५७ नेपाली | ५,००,००० नेपाली | ३८,८६२ नेपाली |
| १,४१,२३४ संक्रमित | ३७,५३३ संक्रमित | १९,९६१ संक्रमित | ८३,१७४ संक्रमित | ४३,१७४ संक्रमित | २६,८१८ | ८,५२९ संक्रमित | १२,२५७ संक्रमित |
| १,५०० नेपाली संक्रमित | ६५० नेपाली संक्रमित | ४४० नेपाली संक्रमित | १०,००० नेपाली संक्रमित | १,६०० नेपाली संक्रमित | | ८९ नेपाली संक्रमित | |
| ९ मृत्यु भएका नेपाली | ३ मृत्यु भएक नेपाली | ३ मृत्यु भएका नेपाली | ४ मृत्यु भएका नेपाली | १९ मृत्यु भएका नेपाली | | | |



- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित नेपाली
- गन्तव्य राष्ट्रमा नेपाली जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा संक्रमित जनसंख्या
- गन्तव्य राष्ट्रमा मृत्यु भएका नेपाली

स्रोत: https://coronavirus.jhu.edu/map.html
https://www.covid19.nrna.org.np/
https://publications.iom.int/system/files/pdf/mp_nepal_2019.pdf

ShramikSanjal

## विदेशमे अवस्थित नेपाली दुतावासद्वारा जारी कएलगेल महत्वपूर्ण जानकारीसभ



साउदी अरव, मलेसिया, कतार आ यु.ए.ई.मे अवस्थित नेपाली दुतावाससभ स्वदेश फिर्ता होब चाहवला आ प्राथमिकतामे परल आदमीसभके सूची सार्वजनिक केने अछि । सम्बन्धित दुतावाससभके वेबसाईट आ फेसबुक पेजमे समेत ई सूचीसभ देख सकैत छी ।




साउदी अरवमे अवस्थित नेपाली दुतावासद्वारा देलगेल जानकारी अनुसार नेपाल जायकाल लजाएपरवला ऋइरक्षम(ज्ञढ के  परीक्षण कम्पनीमार्फत् करायब आ रिपोर्ट नेगेटिभ आएल  प्रमाण पत्र साथे लजाएलेल आग्रह कएने अछि । से सम्भव नै भेलसभके अपना अनुकुल परवला जगहमे परीक्षण कराब सेहो आग्रह केने अछि । ई सेहो सम्भव नै भेलापर श्री कृष्ण भूषाल मोबाइल नं. ०५९८२५६७१८ मे सम्पर्क कलक परीक्षणके लेल आग्रह कल सकैत छी ।

विदेशमे कठिनाईमे परल कामदारसभके उद्धार कर कहैत सर्वोच्च अदालत सरकारके अन्तरिम आदेश जारी केने अछि । ई उद्धार, पहिले कहल जेना टिकटके व्यवस्था कामदार अपने करपरत से नै भल, नेपाल फिर्ता नै आबसकवला कामदारसभके सरकारेके खर्चमे स्वदेश फिर्ता आन कहने अछि । लेकिन, अईके लेल निश्चित मापदण्ड मुद्दा तय कएलगेल छै ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## संघिय सरकार

**जम्मा**

तिन पटक गरेर नेपाल सरकार अर्थ मन्त्रालय मार्फत छुट्याईएको

करिब १ अर्ब ४८ करोड

कोरोना भाईरस जोखिम नियन्त्रण, रोकथाम तथा नियन्त्रण कोषमा जम्मा

करिब २ अर्ब २६ करोड

**दाता**

ए.डि.बि.
करिब ३० अर्ब ३३ करोड

विश्व बैंक
करिब ३ करोड ४८ लाख

आई.एम.एफ.
करिब १५ अर्ब ८८ करोड

युरोपियन युनियन
करिब ९ अर्ब ९४ करोड

**खर्च**

कोरोना भाईरस विरुद्धका गतिविधिमा नेपाल सरकारले गरेको खर्च स्वास्थ्य मन्त्रालयलाई निकासा

करिब ४ अर्ब १० करोड

रक्षा मन्त्रालय मार्फत कोरोना रोकथाम र नियन्त्रणका लागि चाहिने स्वास्थ्य उपकरण खरिदको लागि

२ अर्ब ३४ करोड निकासा

## प्रदेश सरकार

| प्रदेश | प्रदेश १ | प्रदेश २ | बागमती प्रदेश | गण्डकी प्रदेश | प्रदेश ५ | कर्णाली प्रदेश | सुदुरपश्चिम प्रदेश |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| जम्मा रकम | करिब २९.४ करोड | करिब २६.६ करोड | करिब ४२.९ करोड | करिब १८.३ करोड | करिब १५.६ करोड | करिब २५.४ करोड | करिब ४२.५ करोड |
| खर्च गरिएको रकम | करिब १९.३ करोड | करिब १३.३ करोड | करिब १३.६ करोड | करिब १५.४ करोड | करिब ७.७९ करोड | करिब २३.९ करोड | करिब ३६.४ करोड |

## संघिय सरकारके विनियोजन आ अलगगे अलगगे मन्त्रालय मार्फत भेल खर्च




संघिय सरकारके कोषमे भेल जम्मा रकम




अलगगे अलगगे मन्त्रालयमे रकम निकासा

संघिय सरकारद्वारा ओकर केन्द्रिय कोषमे जम्मा भेल कूल रकमके ७३% रकम बहुतोरास मन्त्रालय मार्फत खर्च कैने अछि । अपेक्षाकृत रुपमे स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयके सबसँ बेसी (४८%) रकम भेटल अछि । तहिना कलक रक्षा मन्त्रालयके ४२%, शिक्षा, विज्ञान तथा प्रविधि मन्त्रालय, गृह मन्त्रालय, संस्कृती, पर्यटन तथा नागरिक उड्डयन मन्त्रालय, शहरी विकास मन्त्रालय आ परराष्ट्र मन्त्रालयके बाँकी १०% रकम भेटल अछि ।

accountabilitylab NEPAL

# $ फलो द मनी - खर्चको अर्थ

## स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ रक्षा मन्त्रालयमे भेल शिर्षक अनुसार बजेट निकासा




बहुते बजेट निकासा भेलहा दूटा मन्त्रालय मे सँ, रक्षा मन्त्रालयके खर्च प्रतिशत (१००%) स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय (५८%) सँ बेसी छै । स्वास्थ्य संरचना बनाबके क्रममे दवाई आ स्वास्थ्य उपकरण किनमे बड्का रकम खर्च भेल छै । लेकिन, स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयके जम्मा बजेट मे सँ १३ करोड रुपैयाँ आरो शिर्षकमे रखनाई ओते उचित नै देखाईत छै । एते बढ्का रकमके वर्गिकृत विवरण बनेनाई उपयुक्त हेतै । एहन अस्पष्ट विवरण सार्वजनिक करला सँ जनमानसमे अनेको प्रश्न उठ सकैत अछि ।

त

हिना कलक, बहुते निकायसभ दवाई किन, क्वारेन्टाईन व्यवस्थापन लगाएत ओहने ओहने शिर्षकमे कोनो विवरण नै राईखक खर्च करहल अछि, जेकर हिसावकिताव कतौ नै देखाईत छै । एहन जानकारी सँ विस्तृत विश्लेषण करमे सेहो कठिनाई उत्पन्न करतै । आरो कहपरत तँ, उपर स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालयद्वारा छुट्याओल गेल रकम ओही मन्त्रालयके जम्मा रकमसंगे मेल नै खाईछै । जत एकेटा मन्त्रालयके दूटा तथ्यांकमे ४५ लाखके अन्तर देखाई छै, जेकर कोनो हिसाबकिताब नै देखाई छै ।

नोटः हमरासभके उद्देश्य सरकारद्वारा कयलगेल बढिया काज आ छुट्याओलगेल बजेटके विषयमे सबके जानकारी होई आ तेकरबाद अई विषयमे नागरिक आ आरो सरोकारवालाके बीचमे बातचित भलक सरकारके पर्याप्त पृष्ठपोषण प्राप्त होई से अछि । एत प्रस्तुत विवरण पूर्ण नै छै । उपलब्ध माध्यमसँ संग्रह कलक राखलगेल अछि । आरो सही तथ्यांक संकलन कलक परिमार्जन करैत जायब । अईमे सबकोईके सहयोग क देब लेल आग्रह करैत छी ।

accountabilitylab NEPAL

# खुला बजेट, वित्तिय न्याय, सार्वजनिक वित्त आ कोभिड-१९ संगे जुटल प्रमुख समस्यासभ

कोभिड-१९ के विश्वव्यापी महामारी सँ उत्पन्न संकटके सम्बोधन कर सरकार आपतकालिन खर्चके माध्यम सँ बड्का रकम खर्च केने अछि । सरकारद्वारा सार्वजनिक श्रोतके कतेक प्रभावकारी ढंग सँ परिचालन करैत अछि से बात ओई खर्च सँ कते कोईके जान बचैय, कतेकोई गरिबीमे परत आ समाज आ अर्थ व्यवस्था केना सुधार हेतै तै बातके निर्धारण करतै ।





अन्तरराष्ट्रिय मान्यता प्राप्त खुला बजेट सर्वेक्षण (OBS) के पिछला प्रतिवेदन अनुसार नेपालके बजेट पारदर्शिताके स्कोर निचागेल छै । २०१७ मे देशके बजेट पारदर्शिता स्कोरमे ५२ रहलामे २०१९ मे गिरावट आईब क ४१ मे पुगल अछि । अई सँ नेपालके अखनके बजेट सम्बन्धी बजेट चक्रमे नागरिक सहभागिताके अवसर आ प्रभावकारी रूपमे एकदोसरके जिम्मेवार बनाबवला बातके उजागर करतै ।

संकटके समयमे सरकारी खर्चके पर्याप्त पारदर्शिता आ नियमनके अभावके कारण सँ फजुल खर्च, बढैत अनियमितता आ सार्वजनिक सेवाके लागत बढके सम्भावना होईछै ।

## समाधानके उपाय आ अवसरसभ

सरकारके लेल जवाफदेहीता आ पारदर्शिताके विश्वसनिय संयन्त्र बनावला खुला प्रतिकृयाके रणनीति अपनाए ई उपयुक्त समय छै । अईके लेल सरकारके निचादेलगेल बातसभ कल सकैछ अछि:

१. बजेट निकासा, सार्वजनिक खरिद आ थप कएलगेल रकमके पूर्ण पारदर्शिता ।

२. नीति आ बजेट बिचके स्पष्ट सम्बन्ध स्थापित करनाई ।

३. सार्वजनिक निकाय आ नागरिक समाज सँ सल्लाह सुझाव लेबके साथे आपतकालिन अवस्थामे निर्णयके कार्यान्वयन भेलै कि नै भेलै तै बातके कर सहभागि कराएब ।

४. संसद आ महालेखा परीक्षणके निरीक्षण काजके सुदृढ बनाएब ।

५. जवाफदेहीताके आरो व्यवहारीक बनाब दीर्घकालिन सुधार करब ।




कृष्ण सापकोटा

Freedom Forum



http://freedomforum.org.np/nepal-drops-in-international-rankings-on-central-budget-transparency/

https://blog-pfm.imf.org/pfmblog/2020/04/-do-whatever-it-takes-but-keep-the-receiptsthe-public-financial-management-challenges-.html

सही सूचना

# असफल तैयारी आ लकडाउन । कि नेपालके आरो खराब अवस्थाके सामना करनाई बाँकीए छै ?

## क्वारेन्टाईनमे रहिरहल आदमीसभके संख्या




वितलाहा सप्ताह लगभग ५० हजार आदमी क्वारेन्टाईन सँ समुदायमे गेल अछि । कोभिड - १९ सँ संक्रमितके पिछला तथ्यांक देखबै त, समुदाय स्तरमे भेटल संक्रमितमे क्वारेन्टाईन सँ गेलसभ आ ओतैके स्थानीयसभ सेहो छै । नेपाल पिसिआर परीक्षणके दायरा बढाबके सन्दर्भमे असफल भरहल अछि । वितलाहा सप्ताह मात्रे एकटा परिक्षण ल्याब थपल गेल अछि । लेकिन, दैनिक पिसिआर परीक्षणके रफ्तारमे कोनो उल्लेख्य सुधार नै भेल छै । अई सँ ५ महिनाके तैयारी, ३ महिना लकडाउन आ नयाँ संक्रमितके संख्यासँ किर्तिमान राईख रहल अछि आ आगु बढिरहल छै । एना देखला सँ महामारीसंगे भीड् नेपालके बहुते कमजोर तैयारी देखाईत छै ।

स्रोत: HEOC, MoHP, SitRep

**DISCLAIMER**

एहि अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतरास संस्था तथा आदमी, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेब पेज, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स (समुदायमे आगु आबिक काज करवलासभ) आ सिभिक एक्सन टिम (नागरिक कार्य समूह) द्वारा अहि मई महिना भितर २००० सँ बेसी आदमीसंगेके बातचितसँ संकलन कएलगेल अछि । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ चयन कएलगेल अछि । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मितितक सत्य अछि ।

**Coronavirus CivActs Campaign** is brought to you by **Accountability Lab Nepal**.

accountabilitylab communities

@CivicActionTeams @civacts @CivActs

CivActs | Email: civactsnp@accountabilitylab.org | Phone: 9851203219